ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№204 (23.362) ● 2016 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 20, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм и унафэщІым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм и унафэщІу гъэувын **Іэрэмысэ Асльэн Михаил и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм жэпуэгъуэм и 19-м
№128-УГ

Іуащхьэмахуэ лъапэ цІыху нэхъыбэ здэкІуэ курортипщІым хохьэ

Курортхэм я рейтингыр щагъэувым къагъэсэбэпащ абыхэм щыІэ хьэщІэщхэмрэ зыгъэпсэхупІэхэмрэ 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м щегъэжьауэ 2017 гъэм щІышылэм и 8-м нэсыху къекІуэлІэн папщІэ туристхэм къата лъэІухэр (заявкэхэр) зыхуэдизыр.

АБЫХЭМ ятпэ иткІэ Урысейм лыжэкІэ къыщажьихь и курорту бгыпэ щІыпІэхэм щыІэхэм ящыщу нэхъ щІэупщІэ яІэщ (зэрызэкІэлъыкІуэкІэ) Красная Поляна (Краснодар край, Сочэ къалэ), Шерегеш (Кемеровэ область), Іуащхьэмахуэ лъапэ (Къэбэрдей-Балъкъэр), Домбей (Къэрэшей-Шэрджэс), Белокурихэ (Алтай край), Завьялихэ (Челябинск область), Абзаковэ (Башкирие), Вудъявр Ин (Мурманск область), Бобровый лог (Красноярск край), Гора Соболиная (Иркутск область).

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лІыкІуэхэр жэпуэгъуэм и 23-25-хэм Москва щекІуэкІыну ENES-2016 зэхыхьэшхуэм ирагъэблагъэ

Энергиер къызэрагъэсэбэпым къыпыкІ фейдэм хэгъэхъуэнымрэ энергетикэм зегъэужьыныкъэ теухуа а зэІущІэшхуэр дызэрыт илъэсым щегъэжьауэ гъэ къэс ирагъэкІуэкІынущ икІи ар гъэхьэзырым дяпэкІэ хэтынущ федеральнэ министерствэхэр, къэралым и щыналъэхэр, Урысей Федерацэм и компание инхэр. НэгъуэщІ къэралхэм щыщу абы къэкІуэну хуейхэм визэхэр пщІэнщэу иратынущ.

ENES зэхыхьэм ди республикэм щыщу кІуэнущ КъБР-м Энергетикэмкіэ, тарифхэмрэ псэупІэм и Іэнатіэм щыкІэлъыплъныкІэ и къэрал комитетым и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Журавлёв А., КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмкіэ и министр Тутыкъу А., Налшык къалэ округым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и ящэ къуэдзэ Тонконог А., «Кавказ Ищхьэрэм энергиер щытепсыгуашэ компание» акционер зэгухьэныгъэм и Іуэхущіапіэу КъБР-м щыІэм и техническэ унафэщІ - инженер нэхъыщхьэ Малкаров Я. сымэ.

ГУЗЕЕВЭ Индирэ.

«Лэжьыгъэм и ветеран»

АДЫГЕЙ. ***Дызэрыт жэпуэгъуэ мазэм Адыгейм «Лэжьыгъэм и ветеран» цІэр щыхуагъэфэщащ цІыху 31-м.***

АДЫГЕЙМ Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэм и комиссэм и зи чэзу зэІущІэм щыхэплъащ а Іуэхум. Абы къыщащта унафэмкІэ цІыху 31-м апхуэдэ пщІэ хуащІащ, къыкІэлъыкІуэу зратыну цІыху 43-рэ къагъэлъэгъуащ. Апхуэдэ гулыитэ хуащІ илъэс 40, нэхъыбэкІэ лэжьаэм.

Псори зэхэту 2016 гъэм «Лэжьыгъэм и ветеран» цІэр хуагъэфэщащ республикэм щыпсэу цІыху 681-м. Министерствэм щыгъуаз дызэрищІамкІэ, абыхэм ярат ахъшэр республикэ бюджетым къыхокІ.

Абхъазым дихьэхэм къахохуэ

АБХЪАЗ. ***УФ-м и туроператорхэм къызэратыжкІэ, Абхъазым зыщызыгъэпсэхуэм мы гъэмахуэм процент 20-кІэ хэхьуащ.***

ЕТІАНЭГЪЭ, къыкІэлъыкІуэ гъэмахуэм, Тыркумрэ Египетымрэ ди цІыхухэм зыщагъэпсэхуу зэтраухуэжьынкІэ хъунущи, Абхъазым щызекІуэну уасэм егупсысыпхъэщ. ІэщІагъэлІхэм жаІэ уасэм хамыгъэхъэуну, уеблэмэ проценти 5-кІэ ягъэмэщІэным хэпльащ.

Дунейпсо чемпионатыр къапоплъэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и спортсмени 7 хэхуащ бгырыпх бэнэкІэмкІэ Урысейм и командэ къыхэхам. Абыхэм къапоплъэ жэпуэгъуэм и 27-30-хэм Набережные Челны щекІуэкІыну дунейпсо чемпионатыр. Абы къэрал 30-м я спортсмен 300 зэхуишэсынущ.***

БГЫРЫПХ бэнэкІэмкэ Урысейм щыхъ зиІэ и тренер Хьэпай Исльам зэрыжиІамкІэ, Къэрэшей-Шэрджэсым и спортсменхэм къэралым и щыхьэр чемпионатым щахъумэну Іэмал къаритащ Осетие Ищхьэрэм щекІуэкІа Урысей чемпионатым щызыІэрагъэхьа ехьулІэныгъэхэм. Абыхэм медаль зэмылІэужьыгъуэу 11 къэхьащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Республикэм и щІыналъэхэм

УнафэщІыр хах

Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым щІыпІэ самоуправленэмкІэ Советым и зэІущІэ екІуэкІащ.

АБЫ и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэ Сарбашевэ Светланэ, Іуащхьэмахуэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къулыкъур пІалъэкІэ зыгъэзащІэ Афашоковэ Раисэ, щІыпІэ депутатхэр.

Депутатхэм Іэ яІэтащ муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр - щІыпІэ самоуправленэмкІэ Советым и унафэщІыр хэхьным теухуауэ икІи Іэлэтым кьрикІуамкІэ а къупыкъур аргуэру и пщэ далъхьэжащ Отаров Исмэхьил. Абы и къуэдзэу хахащ Тохаев Хьисэ.

КъищынэмыщІауэ зэІущІэм къыщащтащ Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым щІыпІэ самоуправленэмкІэ и Советым зэпымыууэ щыпхэжьэну комиссэ 7-м теухуа унафэр. Апхуэдэу депутатхэм Іэ яІэтащ Советым и президиумым хэтынуэхэм щхьэхкІи.

Зэхуэсым и кІэухым Сарбашевэ Светланэ щІэуэ хаха депутатхэмрэ абыхэм я пашэ Отаров Исмэхьилрэ екъуэхъуащ районым ис цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным хузунэтІа лэжьыгъэ купщІафІэ яІэну.

ТАРИМ Алисэ,
Іуащхьэмахуэ районым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ.

ЩІыналъэр ягъэкъабзэ

КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкІэ и министерствэм и жэрдэмкІэ Налшык и Курорт щІыналъэр гъэкъэбзэным теухуа щэбэт щІыхьэху иджыблагъэ екІуэкІащ. Абы хэтащ министр Хьэсанэ Ислъам, министерствэм и лэжьакІуэхэр, турист центрым и волонтёрхэр, «Эко-Гармония» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Бабыгуей Ларисэ, нэгъуэщІхэри.

НАЛШЫК и Курортым и уэрамхэр зэщІэкъуэным цІыху 50-м нэблагъэ хэтащ. Абыхэм я нэхъыбэр КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкІэ и министерствэм иджыблагъэ къызэригъэпэща турист центрым и волонтёрхэрщ.

- Мы Іуэхур турист центрым иригъэкІуэкІ волонтёр лэжьыгъэхэм я щІэздзапІэщ. Абы и къалэнхэм хохьэ хьэщІэ кьегъэблагъэным епха Іуэхухэр къызэгъэпэщыныр, волонтёрхэр гъэхьэзырыныр, щІалэгъуалэм къыхахыну ІэщІагъэмкІэ дэІэпыкъуэгъуэ яхуэхъуныр, нэгъуэщІхэри. Туризм Іуэхум ехьэлІауэ Урысей Федерацэм и щыналъэхэм щІэІэ ещанэ волонтёр зэгухьэныгъэщ дидеж къыщыздгъэпэщащ. Андрей тІур Тэтэрстан Республикэмрэ Москва къалэмрэ щолажьэ. Шэч кьытесхьэркьым республикэм ар къызэрыщыздгъэпэщам щыналъэм и туристрекреацэ комплексым и сэбэпынагъ зэрекІыным, - жиІащ Хьэсанэ Ислъам.

А махуэм ягъэкъэбзащ Ковтуненкэ и цІэр зезыхьэ, Теплосервэ, Сочинскэ уэрамхэр. КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкІэ и министерствэм жэпуэгъуэм и пэщІэздзэм къызэригъэпэща Экологие пІуэрым Курорт щІыналъэр къыщыпІыхьым зыхуей хуэгъэзапхъэу къыпытахэр а уэрамхэрщ. КІэрыкубжьэрыхуэхэр къэпым иралъхьэри, «Горзеленхоз»-м къарита транспортымкІэ пхъэнкІий идзыпІэм яшащ.

Щэбэт щІыхьэхур къызэрагъэпэщащ мы гъэм КъэбэрдейБалъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым щІыпІэ самоуправленэмкІэ и Советым зэпымыууэ щыпхэжьэну комиссэ 7-м теухуа унафэр. Апхуэдэу депутатхэм Іэ яІэтащ Советым и президиумым хэтынуэхэм щхьэхкІи.

Зэхуэсым и кІэухым Сарбашевэ Светланэ щІэуэ хаха депутатхэмрэ абыхэм я пашэ Отаров Исмэхьилрэ екъуэхъуащ районым ис цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным хузунэтІа лэжьыгъэ купщІафІэ яІэну.

ТАРИМ Алисэ,
Іуащхьэмахуэ районым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ.

Хамэ къэралхэм къикІахэм зыщІагъакъуэ

Хабзэ хъуауэ, КъБКъУ-м илъэс къэс еджакІуэ къокІуэ хамэ къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм щыщ щІалэгъуалэр. Мы гъэм апхуэдэхэр къикІащ Мысырым, Тыркум, Сирием, Суданым, Финляндием. КъызэкІуэ щІыналъэм, еджапІэм щыщыІэ хабзэхэм, дуней еплъыкІэхэм ахэр нэхъ тынщу есэн, жылагъуэм лъэпощхьэпоуншэу хэзэгъэн папщІэ, университетым мы зэманым щокІуэкІ зэІушІэ щхьэпэхэр. Урысыбзэ зыІурылъхэм - а бзэмкІэ, ар зымыщІэ студентхэм папщІэ инджылызыбзэкІэ, хьэрыпыбзэкІэ, адыгабзэкІэ къызэрагъэпэщ а зэпсэлъэныгъэхэр.

КъБКъУ-м и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэ Брай Марие хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, хамэ щІыпІэхэм кьикІа апхуэдэ студент 30-м щІигъу къызэрихьэлІа лекцэ щхьэпэ къызщыздгъэпэщащ университетым. Абы зэрыщыжаІамкІэ, КъБКъУ-м зэрыщІэсыну япэ мазибгъум студентхэм яджыпу урысыбзэм и закъэщ. Иужькіэ, а бзэм хуэшэрыуэ хъуа нэужь, ахэр гуп щхьэхуэ-щхьэхуэ ящІынущ, щхьэж зыхуеджэну Іэщ Іагъэм елъытауэ.

УФ-м и щІыналъэм щызекІуэ хабзэхэм, студент гъащІэм пыщІа щхьэхуэныгъэхэм а щІалэгъуалэр щыгъуазэ хуащІащ республикэм и паспорт-визэ Іэнатіэм и Іэщ ІагъэлІэм, университетым и егъэджакІуэхэм. КъБКъУ-м и СПО къудамэм хамэ къэралыбзэхэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ Сэбаншы Валентинэ студентхэм яжриІащ ахэр зыгъэпІейтей сыт хуэдэ Іуэхухэмкіи сэбэп, щІагъэкъуэн яхуэхъуну зэрыхьэзырыр. «Псом япрауэ, фи дофтэрхэр зыхуей хуэвгъэзэнщ, фІэкІыпІэншэ медицинэ страхованэр фщІынщ, - къыхигъэщащ абы. - А Іуэхухэм къадэкІуэу зэфІэкІынущ фи псэупІэхэм епха Іуэхухэри».

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Кавказ Ищхьэрэмрэ нэхъыбІу зрагъэІцыхун папщІэ, нэгъуэщІ къэралхэм кьикІа студентхэм зыщагъэпІыкІыныщІ а щІыналъэхэм я щІыпІэ дахэхэм. Апхуэдэу ахэр щагъэгъуэзэнущ ди республикэм щыпсэу урысыбзэм я тхыдэхэм, щэнхабзэхэм, зэрахьэ хабзэхэм.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Студент гъащІэ

ПащІэ Бэчмырзэ и цІэр зезыхьэ Республикэ сабий библиотекэм и лэжьакІуэхэм щІыуэпсым теухуа сыхьэт зэІуэ ирагъэкІуэкІащ. А Іуэхум хэтащ Налшык дэт курыт еджапІэ №23-мрэ НШДС №65-мрэ я гъэсэнхэр.

УДИХЬЭХЫУ зэхагъэувэ дерсхэм щІэ куэд къыщащІащ зэІущІэм хэта цІыкІуэхэм: цІыхумрэ дыкъзэзыухъуреихь щІыуэпсымкІэ псым иІэ мыхьэнэшхуэр, уэздэ хъуну псы къабзэу щІы хъурейм ихъумэр зыхуэдизыр, дунейм псы лІэужьыгъуэу узыщІихьэлІэхэр.

ЩІыуэпсым теухуа дерс

Сыхьэт зэІухам щІэса цІыкІуэхэм щапхъэ куэд къахьащ дызэфэ псым ящыныкъуэ цІыхухэмрэ Іуэхущ Іапіэ щхьэхуэхэмрэ ирах леймрэ абы кърикІуэхэмрэ ятеухуауэ. Апхуэдэу еджакІуэхэр тепсэлъыхьащ псыр къабзэу хъумэным теухуауэ яІэ Іуэху епльыкІэхэми.

Сабийхэм щІыуэпсым ехьэлІауэ ящІа сурэтхэр утыку кърахьащ библиотекэм и лэжьакІуэхэм, дунейр къэзыуХъуреихь хы абрагъуэхэм ятеухуа тхылъхэр ягъэлъэгъуащ. Псом нэхъ гъэщІагъуэн ящыхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Кавказ Ищхьэрэмрэ я псы ежэхэм ятеухуа тхылъхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.



Жэпуэгъуэм и 20, *махуэку*

♦**Статистикэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Авиадиспетчерым и дунейпсо махуэщ**

♦**ПщафІэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Дзэ связистым и махуэщ**

♦**Сербием щагъэлъапІэ Белград къалэр хуит къыщащІыжа махуэр**. 1944 гъэм советыдзэхэмрэ Югославием и партизанхэмрэ Белград къалэр нэмыцІэ зэрыгъэхьащІуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦**1714 гъэм** Пётр Езанэм унафэ къыдигъэкІащ мывэм къыхэщІыкІа унэхэр къэралым щемыгъэуэхуэным теухуауэ. А унафэр зыхуэмыгъэзар Санкт-Петербург и закъуэт - къалащхьэщІэр нэхъ екІу, нэгъуэщІ къэралхэм я щыхьэрхэм эыкІи къакІэрымыху щІынырт абыкІэ пащтыхьым и мурадар.

♦**1880 гъэм** Москва циркыр къызэІуахащ.

♦**1930 гъэм** РСФСР-м щІыщ Красноярск крайм хьэхуэ къызэрагъэпэщащ Хакас автоном областыр. Иджыпсту УФ-м хьэхуэ Хакасие Республикэщ.

♦**1938 гъэм** Приморскэ, Хаба-ровскэ крайхэр къызэрагъэпэщащ.

♦**2000 гъэм** Шэджэм къалэ хъуащ.

♦Кърал лэжьакІуэ, политик, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и зэхуэсыгъуитхум я депутату щыта **Тэрчокъуэ Къамболэт** къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.

♦Химие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Шурдым Гъэзалий** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и юрист **Жыгун Хьэту** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къущхьэ Хъусен** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, егъэджакІуэ, АР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ **Мэхъуэш Руслан** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Урысей тележурналист, публицист, жылагъуэ лэжьакІуэ **Соловьёв Владимир** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

♦«Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **ТекІужь Заретэ** къыщІалъуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 6 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 21, *мэрем*

♦**МыІэрысэм и махур Инджылызым щагъэлъапІэ**

♦**1520 гъэм** Португалием щыщ зыпІыхьакІуэ Магеллан Фернандэ хы Щэхуэр Атлантикэ хымрэ я псыдзжьпІэр къихутащ, иужькІэ абы езым и цІэр фІащыжащ.

♦**1943 гъэм** Бельгием, Нидерландхэм, Люксембургым я экономикэ зэгухьэныгъэр (Бенилюкс) къызэрагъэпэщащ.

♦**1945 гъэм** Франджым щыхубзэкъым хэхыныгъэхэм Іэ щаІэтыну япэу хуит щІащащ.

♦**1958 гъэм** Инджылызым и Парламентым и Лорд палатэм япэу цІыхубз хахащ.

♦**1987 гъэм** Горький къалэм япэм иІа цІэр - Новгород Ищхьэрэр - фІащыжащ.

♦**1994 гъэм** Урысей телевиденэм и академием илъэс къэс ятыну «ТЭФИ» саугъэтыр игъэуващ.

♦**1997 гъэм** Солженицын Александр и цІэр зезыхьэ Литературэ саугъэтыр ягъэуващ.

♦**2010 гъэм** Собянин Сергей Москва къалэм и Іэтащхьэу ягъэуващ.

♦Швецием щыщ химик, инженер, динамитыр къэзыгупсыса, езым и цІэр зезыхьэ саугъэтыр зыгъэувэ **Нобель Альфред** къызэралъхурэ илъэси 183-рэ ирокъу.

♦Кинорежиссёр, актёр, продюсер, РСФСР-м и цІыхубз артист, «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм пащІэ» орденым и нагъыщэ псори зрата **Михалков Никитэ** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Физик цІэрыІуэ, Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфэща, Налшык дэт курыт школ №3-р дыщэ медалкІэ къэзыуха **Гейм Андрей** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и дохутыр **КІуэкІуэ Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 6 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Узыхьыну псым зыдегъэзых.

Гусман Юлий ди студентхэм я деж къокІуэ

Совет, урыс театральнэ режиссёр цІэрыІуэ, телевиденэм и лэжьакІуэ, актёр, Урысей Академием кинематографие гъуэзджэмкІэ и «Ника» ятэ Лъэпкъ саугъэтыр къызэзыгъэпэща икІи абы и художественнэ унафэщІ, КВН-м и ящэщытакІуэхэм зэпымыууэ ихэт Гусман Юлий Бэрбэч ХьэтІутІэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и студентхэм яІущІэнущ. Зэхыхьэр ЩІэныгъэлІхэм я советым и пэщым жэпуэгъуэм и 20-м сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 30-м щекІуэкІынущ.

УЭЛДЖЫР Аринэ.

● Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь Тэрчокъуэ Къамболэт къызэрыхъурэ илъэси 105-рэ ирокъу

И псэр Іуэхушхуэхэмкіэ гъэнщіат

Зи лыгъэрэ зэфэхыкіэ Хэкум цІэрыІуэ щыхъу адыгэлІым пасэм щыгъуэ уэрэд хуаусырт, и цІэмрэ и щхьэмрэ яІэтырт. Апхуэдэ пщІэ лъагэ зылъагъэсахэм ящыщщ Тэрчокъуэ Къамболэт Кіыщу и къуэр.

Ар 1911 гъэм жэпуэгъуэм и 20-м Хэтрэ къуажэм къыщалъхуат. Илъэс 28-рэ фІэкІа и мыныбжьу я жылэм щызэхэт «Шэкэр» колхозым и тхьэмадэу хахат. Пэжыгъэр зэтеуэву щыхуежьэ дыдэм Хэку заузшхуэр къэхъеяти, абы кІуэри, лыгъэм и щапхъэ кьиГъэлъагъуэу, бий ерум пэщІэтащ. Текіуэныгъэр кьихьу кьигъэзэжа ноужь «Шэкэр» колхозым и унафэщІу хахьжащ, куэд дэмыкІыу Арщыдан МТС-м и Іэтащхьэ хъуащ.

1954 гъэм партым и кьыхуеджэныгъэкІэ Арщыдан къуажэм ягъэкІуащ Лениным и цІэр зезыхьэ колхозыр кьИэтыну. Абы Тэрчокъуэм зыкъыщыгъэлъагъуащ гупыр зэзыгъэдэІуэф, зэщІэзыгъэІуІуэф, мэкъумэш Іэнатіэкэр Іэзэу зыбнэтІ кьызэгъэпэщащкІэ акъылфІэу. Игурэ и щхьэрэ зэтелъу йоувалІэри, колхозым мылъку бгъэдэлъыр зыхуэдизыр зрегъащІэ, я щІыр зэрыберычэтыр, уегугъуу зепхьэмэ хуэфащэ хэхъуэ кьызэритынчыр цІыхухэм ягурегъаІуэ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ, зи лъэр щІэмыхуу хозяйствэм кьыхэнахэр щІыгъуу, Къамболэт Іуэхушхуэхэм яужь йохьэ. Щытыкіэр гугъут, хьэкІэнхэмра мурадхэмрэ инт. Мо лэжьакІуэшхуэм, унафэщІ ерыщым и Іуэху зехьэкІэр зылъагъу кьуажэдэсхэм я гур кьызэрыгъэтъыжырт, я кьарур зэрыубыдыжырт, щІым хуэфащэ фейдэ зызэрыплъкІынур я фІэщ хьурт. Апхуэдизурэ колхоз дэмэхар зэгрилъэуважри, езыр здэщІа «Шэкэрым» и пэ иригъэщащ. ИлъэсипІ нэхъ дэмыкІыу Тэрчокъуэм Арщыданыр къэрал утыкум иришащ, езыри СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутат хъуащ, КПСС-м и ЦК-м и пленум зыбжанэм, партым и съездищым хэтащ.

Колхозри, езы Къамболэтри къэрал псом цІэрыІуэ щыхьуат. 60 гъэхэм Арщыданым хьэцэпэцэу кьыщархьэлІэм хуэди 5,3-кІэ, нартыхум хуэди 10,4-кІэ, я хъуфжэм хуэди 4,2-кІэ, лыуэ ящэм хуэди 9-кІэ хэхъуат. А екъулІэныгъэхэм кьалэкІуэу, Тэрчокъуэм Социалист Пэжыгъэм и ЛІыхъужь щІэлъапІэр кьыфІащащ, колхозхэт тІощІым щІигъум Хэкум и орден нэхъыщхьэхэр, медалхэр кьратащ.

Зэтеуэвэжа, лъэ быдэкІэ ува хозяйствэм Іэщыр щыбагъуэрт. И бохэм жэм гъэшыфІэу миным щІигъу щІэтт, махуэ кьэс шэ тонни 8-10-м нэблагъэ Іыхьлі3м иратырт. Зызыуэзыщыжа, мылъку хъарзынэ зыбгъэдэлъ колхозым хуажэм и псэуКІэр егъэфІэкІуэным гулъытэшхуэ хуищІырт. Ар кьалъытэри, къэралым и дамыгъэ нэхъ лъапІэ дыдэу щыІа Ленин орденыр хозяйствэм кьыхуагъэфащащ.

Арщыдандэсхэм ноби фІыуэ ящІэж я жылэм щызэхэта колхозым а дамыгъэр кьыщратыжа махуэр. Ар 1967 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-рт. ГуфІэгъуэ зэхьыхьэшхуэм хэтын папщІэ, мэз лъапэм щыІэ «ШкІэщыщхьэкъуэ» щыпІэ дахэм джеч республикэм и жылагъуэ псомэ я лІыкІуэжэ жьыуэ щызэхуэсырт. КъэпсэльэпІэу, зыкъэзэльэгъуапІэу кьагъэсэбэпым шхьэкІэ екІуу зэхагъэува автомашинэхэр гъэщІэрэщІат, колхозым и ехьулІэныгъэхэр хьэрфышхуэкІэ зытетха транспарантхэр жьым дэбыбырт. ГуфІэгъуэм ирихьэлІат партым и обкомым и япэ секретарь Мэлбахьуэ Тимборэ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Тхьэмадэ Геттуев Магомет, Министрхэм я Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщІ Ахъуэхъу Ислъэнбий, КПСС-м и обкомым и бюром хэтхэр, Осетие Ищхьэрэм АССР-м щыщ хьэщІэхэр, Социалист Пэжыгъэм и ЛІыхъужьэу Пащты Салимэ, Бакъ Нарзан, Евтушенко Николай, Бгъэжьнокъуэ Хьэчим, Ахъмат Мусэбий, республикэм и гъавэгъэкІ, Іэщыхьэу пашэхэр.

Геттуев Магомет СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Унафэм кьеджэу Ленин и орденыр колхозым и бэракъыкІ хилъхьа ноужь, хозяйствэм и япэ ГуфІэу я екъулІэныгъэхэм хагъэхъуащ. Хозяйствэм и зэфІэкІым зыхагъэгъэзэну Кавказ Ищхьэрэмрэ къэралым и адрей щыпІэхэмрэ лІыкІуэ куэд кьикІырт. Республикэм кьаклуэ хьэщІэ лъапІэхэр арщыданыщым кьрагъэблагъэрт. Абыхэм ящыщ космонавтхэу Терешковэ Валентинэ, Леонов Алексей, КПСС-м и ЦК-м и секретарь Понамарёв Борис, Италием, ГДР-м, Кубэм, Монголием, нэгъуэщІ къэралхэми щыщхэр, еджагъэшхуэхэр, щІэныгъэлІхэр, Іэщ1агъэлІхэр. Колхозыр гъэвэгъэкІэмрэ Іэщыхьэхэмрэ я еджапІэ хъуат - союзпсо, урысейпсо семинар-зэІуІэхэр щІэх-щІэкьыурэ щрагъэкІуэкІырт. Хозяйствэм и хартыхуэгъэкІэр къэрал псом цІэрыІуэ щыхьуат. Абыхэм кьагъэкІ жылапхъэхэр Къэзахъстаным, Къыргызызым, Мэзкуу кьалэм и Іэшэлъашэхэм, нэгъуэщІ щыпІэ Іэджэми щыкасэрт, Венгриеми, Чехословакиеми, Польшэм фІныуэ къыщащІыхьурт.

- Щ1ыр зыхуэжъмартыр Іуэхум хьэлэлу бгъэдэтхэрщ. Феплъыт ди хьэсэхэм гуэхэръу зэрызаужьым. Ар ди цІыхухэм я Іэрыкіщ, щІым кьытхуищІ тыгъэщ. Ерыскъы зимыІэм и дыщэр пудщ, и щхьэри лъагэу хуэпІалъужьыныкъым. Мис ар ди мэкъумэшыщІэхэм фІныуэ кьагуроІуэ, - яжриІэрт Къамболэт хьэщІэхэм.

Тэрчокъуэр (абы псори Дэбагъуэкіэ едджэрт) колхозым и тхьэмадэфІ кьудейтэкъым, атІэ икІи хэрзэ лажьакІуэшхуэт, цІыху гъуэзэджэт, кьызэрэпэщакІуэ емыІэзэщт. Сыт и лъэныкъуэкІэ зыхуэткІиижт, и кьарур зэрыщыту Іэнатіэм иритырт. Гумызагъэти, лэжьакІуэхэр зыхуэй-зыхуэфІхэр зыщиГъэгупщэртэкъым, хуэныкъуэхэм я унагъуэхэм защІиГакъуэрт. ЗымащІэкІэ нэхъ мыхьуми зыщІыхьу щытахэм я псалъэхэм ар кІІуэу кьыхоф:

● ЗэпыщІэныгъэ

Урысей ныпыр зыІэтам фэтэркІэ хуоупсэ

Минск хэрашыжа ди къэралым и паралимп ныпыр иджыблагъэ Мэзкуу къыщратыжащ. Ар кьышэжащ Фомочкин Андрей - дуней псом ялъагъуу ди къэралым и ныпыр Паралимп джэгуэхэр къыщыІэзыІуахэм къызыкІэр. Рио-де-Жанейрэ и «Маракана» стадионым ныпыр къыщызэкъуиха нэужь Фомочкиным япэу смс-тхыгъэ къыІэрыхьар къызыбгъэдэкІар Германием щыщ нэмыцэрщ. Абы итхащ: «Дуней псом къыбгъэдэкІыу, упсэу бжьдоІэ, урысей ныпым щхьэкІэ».

- А МАХУЭ дыдэм сэ Бразилием сыкъраухэжащ, сыхьэтитху дэкІри Минск къэлъэтэж кхъухьлъатэм сыкъгъэтІысхьэжащ, - жеІэ Фомочкиным. - Псынщ1эу си хъэпшыпхэр зэщІэскъуэжри, аэропортым сыкъэсащ. КъыкІэлъыкІуэ махуитІми зыми сегсэлъакъым. Сыгузавэрт, си псалъэ гуэр кьагъэсэбэпу Белоруссием и командэ кьыхэхам зэран хуэхъуну. Ауэ сэ абы щыгъуэми иджыри зымкІи сыщІегъуэжыркъым, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ паралимп командэ кьыхэхам я гурылъыр зГъэзэщІауэ аращи.

Гурылъыр гупым кьыбгъэдэкІым и мызакъуэу, нэхъапэкІэ яГъэхьэзыра Іуэхугъуэт. Абы псори щыгъуазэт, уеблэмэ Дунейпсо паралимп комитетри яхэту. ИкІи апхуэдизу ящІэмэ, къэралым и командэ кьыхэхар джэгум зэгъэкІыну кьыжраІат. Дауэ щытми, белоруссхэм планышхуэ зэхагъэувэт: ныпитУ щІыхьэ щхьэхэм яІыгъыу зэхьэзэхуэр кьыщІэзыІуахым ирахьэну ягъэхьэзырат. Щыр шынагъэншагъэр кьызэзыгъэпэщхэм кьытрахащ, адрей тІур Фомочкиным кьыІэщІэнащ - ахэр ягъуэтакъым.

- Сэ сэгузэвэххэртэкъым, - жиІэрт Фомочкин Андрей. - Апхуэдэу гурыщхъуэ кьысхуащІынкІи хъунут. Гу кьысльатэрэ сыкъащамэ, ныпхэр кьагъэутынут.

Фомочкин Андрей и щІыхькІэ зэхуашэса пресс-конференцыр щекІуэкІ пэшым Урысейм и ныпыр кьыщІахьэри, ди къэралым и паралимп комитетым и вице-президент Абрамовэ Лидие иратыжащ.

- Сэ зыкъывзэгъэщІыхуну сыхуейщ: си цІэр Шмаков Сергейщ, - микрофоным щІалэщІэ гуэр кьыбгъэдыхьащ, - сыбизнесмен-ухуакІуэщ. Фомочкиным кьыльыкъуэкІа лІыхьжьыгъэр зэхэзэщІыкІа урысей цІыхухэм сащыщ зыщ икІи кьызгурыІуащ а Іуэхугъуэр гулъытэншэу кьэбгъанэ зэрымыкъунур. Паралимп джэгуэхэр кьызщІэзэІуахым телевизоркІэ сеплъурэ, Андрей Васильевич ди ныпыр иІэтауэ кьыщІислъэгъуам, сэ спхьикІащ лІыхьжьыгъэр егупсысауэ зэрамыщІар. Сэ сщІэр лІыхьжьыгъэкІэм, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ абы сегупсысащи - Урысейм и цІыхухэми си щхьэми кьыбгъэдэкІыу Фомочкин Андрей Мэзкуу фэтэр тыгъэ щІыхуэсщІыну сыхуейщ.

Фомочкинри Іэнкун хуауэ щытащ икІи тыгъэр кьаІриха ноужь жиІащ: «Мы тыгъэр хэзммыщтэну схуэзэфІэкІынукъым, ауэ, пэжу жысІэнщи, къэралр кьулыкъуущІэу сызэрыщытым кьыхэхІыу, си юрист Іэщ1агъэлІхэм сечэнджэщын хуейщ мы фэтэрым сыт есщІэнуми. Ауэ сыт хуэдэ унафэ абыхэм ящІми, икъуэкІэ гуапэ сщІихуащ фи гум кьыбгъэдэкІыу кьыхсхуэфщІа тыгъэр».

Ныпым теухуауэ план хэхари тыгъэ ящІа фэтэрри «зэкъуэш лъэпкъхэм я гум кьыбгъэдэкІ Іуэхугъэу зэрыщытыр» Абрамовэ Лидие жиІащ. Абы ягу кьигъэкІыжащ хахуэхэм я Іуэхьхэм дунейр пэжыгъэм зэрыхуашэр.

ЕМЕЛЬЯНЕНКЭ Владимир.
«Российская газета»

«Саугъэт» гъэпщкІуахэр

Куэд щІащ саугъэт лъапІэхэр къыІрахьиу «цІыхубзм и пщыІхэр» хуит зэрамыщІыкІэр. Апхуэдэхэм кьыхуашияхэр къэралым иратыжьын хуейщ. АрщхьэкІэ къулыкъущІэхэм тыгъэ кьыхуащІауэ халъхьахэми коррупцэ Іуэхум хэту кьаубыдахэм кьытрахыжахэми хэкур нэхъ кьулей дэхъуу пхужьІэнукъым.

ИлъэситІым кьриубыдэу 14

Официальнэ Іуэхугъуэ гуэрым хэту е командировкэм щыІэу кьулыкъущІэм тыгъэ кьыхуащІамэ, махуищым кьриубыдэу абыкІэ хъыбар иригъащІэн хуейщ и нэхъыщхьэм икІи ар пщэрылъ зыхуащІам тыгъэр иритыпхъэщ. Саугъэтым и уасэр кассэ чекымкІэ е къэпщытэнымгъэмкІэ хуагъэув. Сом мини 3 нэхърэ мынэхъ лъапІэмэ, тыгъэр зыхуащІам кьыхуагъэнэжынущ, нэхъ лъапІэмэ - къэрал мылъкуу кьалъытэнущ. ИужькІэ кьулыкъущІэм ар кьищэхужыфынущ. Апхуэдизу хуэмеймэ, саугъэтыр ящэнущ, псапащІэ Іуэхум халъхьэнущ е хъумапІэм щІалъхьэнущ. Хабзэм ебакъуэхэм тезыр тралъхьэнущ, уеблэмэ Іэкъыпіэм Іуагъэкіынкіэ хъунущ.

ПэжыгъэмкІэ министерствэм гъэмахуэм кьыпщытащ «саугъэтым» и унафэр къэрал Іуэхущ1апІэ 89-м я кьулыкъущІэхэм зэрагъэзащІэр. ИльэситІрэ ныкъуэм кьриубыдэу саугъэт 4600-рэ абыхэм кьаІэрыхьащ. ПажьыгъэмкІэ министр Топилин Максим зэрыжиІамкІэ, 1255-р кьулыкъущІэхэм иратыжащ, сом мини 3 нэхъ мащІэ и уасэу кьалъытэри. Адрейхэр кьащэхужащ, псапащІэ Іуэхущ1апІэхэм хуагъэфэщащ е хъумапІэм щІэлъщ. Псалъэм папщІэ, гъущ1ЛъапІэхэм кьыхэщІыкІа саугъэт 14-р къэрал хъумапІэм иратащ.

Коррупционер «къулейсызхэр»

Правительствэм и деж щызэхэт эксперт советым зэригъэувамкІэ, унафэр тэмэму гъэзэщІа хъуркъым. Коррупцэм ебэныныжкІэ лъэпкъ комитетым зэрыщыжаІамкІэ, саугъэтхэр кьызэрыІахьи, зэрахъумэн, кьызэрагъэсэбэпын хабзэхэр иджыри кьызэдасым нэгъэсауэ зэхагъэувакъым. Къэрал кьулыкъущІэхэм тыгъэ кьыхуащІахэр къэралым иратми, ахэр мыхъейуэ щылъщ. Нэхьыбэм ящІогъупщэжыхэр официальнэ Іуэхугъуэхэм е командировкэхэм хэмыту кьыхуагъэфащэ саугъэтхэр кьыІах зэрымыхунур. Псалъэм папщІэ, ИльэсыщІэм ирихьэлІэу кІэнфетрэ фадэхэкІрэ хабзэм идэркъым, сом мини 3 нэхърэ нэхъ пудми. Дызэрыщыгъуазэщи, Къэрал Думэм и Іэтащхьэу щыта Нарышкин Сергей мы гъэм апхуэдэ саугъэт куэдым иригъэзэжащ.

«АиФ»-м хъыбар кьызэрыІэрыхьамкІэ, «саугъэтхэм» я хабзэхэр зыгъэткІий унафитІым я проект ягъэхьэзыращ. ФинансхэмкІэ министерствэм кьыхилъхьащ кхъухьлъатэкІэ зыщІыпІэ лэпэ нэужь бонус хуэдэу кьыпэкІуэ баллхэр кьулыкъущІэхэм я щхьэ Іуэхухэр кьагъэсэбэну хиимыТу щІынкІэ кьулыкъущІэм ебилет кьызэрыщІхэр езым и кьэпщІэнкІэм, ятІэ кьэрал мылъкуКІэщ. Минфиным кьызэрибжамкІэ, бонусхэм кьэралым и дежкъигъэзэжмэ, илъэсым кьриубыдэу бюджетым сом мелуан 260-м нэблагъэ кьыдигъэхуэнущ. ЛэжьыгъэмкІэ министерствэм кьыхилъхьащ кьулыкъущІэхэм саугъэтхэр кьащхьужьну хуимыту.

Кьулыкъущ1эхэм я дежкІэ суд Іуэхур кьызэрыгуэкІщ

Къекіуэкі Іуэхугъуэхэр коррупцэм ебэныным зыкІи ещхьыкьым. Статистикэм кьызэрыхэщщи, къэралым иратыжхэр официальнэ Іуэхугъуэхэм цІыхубзм ялъагъуу кьыщрата саугъэтхэрщ. Ауэ лъэныкъуэкІэ ирагъэзаауэ «зы щытыкІэ гуэрыр гъэтэмэным пащІэ» щэнтжьейхэм исхэм тыгъэ кьыхуащІ налкъутналмэсхэм я щытыкІэр зэхэзыгъэкІыфынур хабзэхъумэ Іэнатіэхэрщ.

А псом кьыдэкІуэу «саугъэтым» и унафэр щІынальэ кьулыкъущІэхэми яГъэзащІэ хъуащ. Вологдэ кьалэм щыщ кьэрал лэжьакІуэхэм илъэс ныкъуэм кьриубыдэу саугъэтым 8 ятащ сом мин 66-рэ и уасэу. Новосибирск и кьулыкъущІэхэм псапащІэ Іуэху кьрахьэжьащ я пэшхэм щІэт саугъэтхэр зым хуэзэу сом 200-кІэ ящэурэ.

Унафэр Іулхьэм ебэныным сэбэп хуэхъуну?

Псалъэм папщІэ, 2015 гъэм Алтайм и губернаторым таджик диаспорэм алэрыбгъу лъапІэ тыгъэ кьыхуищІащ. Абы теухуа тхьылъымпІэкІэр занщІэу ягъэхьэзырри алэрыбгъэр музейм щІалъхьащ. Ильэс кІуам «Нефтехимсервис»-м и акционерхэм Кемеровэ областым и губернатор Тулеевым тыгъэ кьыхуащІащ Жуков Георгий кьызэрижьыу щыта автомашинэр. Саугъэтыр музейм щІагъэуващ. Тулеевым и саугъэтхэм я выставкэм щыхубзм щалъэгъуащ Урысей империем 17-18 лІэщІыгъуэхэм кьащагъэсэбэпа ахъшэхэр, 19-нэ лІэщІыгъуэм и япэ Іыхьэм зэрахьэу щыта фащэхэр. Мы гъэм музейм и гъэпсынкІэ кьытеуащ «Екатерина Великая» зыфІащэ Іэкіэ ящІа фарфор щахматхэр, дыщэпс тегъэлъэдауэ. 2014 гъэм аукционым щащащ Тулеевым и саугъэтхэр, псори зэхэту сом мелуани 10 кьыщІахьу. Мэастро Гергиев Валерий и дирижёр башыр, Образцовэ Еленэ и пщэдэлъыр, Волочковэ Анастасие кьызэрыфа вакъэм сом мин 300 кьыщІахащ. Апхуэдизу дыдэ хуагъэзащ Сафрин Маратрэ ракеткэм, Емельяненкэ Фёдор и футболкэмрэ Іэлъэмрэ, Сочэ-2014 Олимп джагуэхэм я эстафетэм хэта факелым. Абыхэм кьыщІэкІа ахъшэр сабий сымаджэхэм хуаутІыпщащ. Нэхъапэ Іуэхугъэ губернаторым аукционым кьыщигъэлъагъуащ Софи Лорен и сумкэр, ар сом мелуани 7-кІэ ящащ.

Илъэс кІуам кьыщыщІдзауэ хабзэхъумэ Іэнатіэхэм тынш дыдэу кьулыкъущІэхэм я мылъкур судым и унафэкІэ кьытрах, ар я пщІэнтІэпскІэ кьалэжьауэ кьахуумыгъэлъагъуэмэ, Автомашинэхэри унэхэри дагъакІуэ. «Саугъэтхэр» я Іыхьлъхэм хагъатауэ зэкІэзымиІ я фІэщ ящІыфкъыщІ. Коррупцэ Іуэхукіэ яубыда кьулыкъущІэхэм я Іуэхур нэгъуэщІщ. Абыхэм я деж сытри кьыщагъэтыфынущ, ауэ конфискацэмкІэ унафэ зэрыщымІыІэм кьыхэкІыу, мащІэ дыдэщ къэралым хэхъуэу игъэтыр. «Оборонсервис»-м и Іуэхум щыгъуэ Васильевэм кьыхуахъуэ щытащ мывэ льапІэ мин 50-м щІигъуэр дыщэрэ платинэу кг 19-рэ. КъызэрабжамкІэ, абыхэм я уасэр псори зэхэту сом мелуани 130-м щІигъуат. Суд нэужьым мылъкур псори Васильевэм иратыжащ, абы и адэ-хьэрычэтыщІэм жиІащ ахэр и пхъум хуищІа саугъэту.

Дамэтелъ зиІэ олигарх

Псори кьызэщигъэстат коррупцэм ебэныныжкІэ МВД-м и кьудамэм и унафэщІым и кьуэдзэ Захарченко Дмитрий и Іуэхум хэту кьыкъуаха сом меларди 8,5-м. Ахъшэр банкым яхьумэну яшащ. Ауэ абы кьикІыркъым ар кьэралым мылъку хъуауэ. КьызэрыщІыкъыжамкІэ, Захарченкэ и автомашинэм кьыщагъэта мылъкур, езы машинэми хуэдэу, абы ейтэкъым.

Полковникым зэрыжиІамкІэ, автомашинэр и ныбжьэгъум хьэхуу кьыІрихауэ арат. Ныбжьэгъур абы щыхьэт техьауэ икІи дыщигуащ сом мелуан 15-р кредитту абы кьызэрыщІтар. Мелардэхэр полковникым и шыпхъум и унэм щІэлъащ, абыхэм ар зэрыпыщІар иджыри сэтей кьэщІын хуейщ.

Унэхэри, фэтэрхэри, машинэхэри, ахъшэхэри Захарченко и благъэхэм кьажэнэну кьыщІэкІынущ. Коррупционерхэмрэ абыхэм я благъэхэмрэ я мылъкур кьызэрытепх хуэн унафэ ди къэралым щыщІэкъым.

БАРОВЭ Екатерина.
«Аргументы и факты»

Мелуан ныкъуэ и уасэ псывэ

● Бохъшэ

Гъэпльыгъуэ лъэхъэнэм ирихьэлІэу Красноярск крайм и Іэмэмиихэм ирагъэхъуэжа псы пщтырым пэшым щІэт батареехэр кьызэгуиудащ.

АБЫКІЭ кьуанщагъэ зыбгъэдэль комунальнэ хозяйствэм и лъэныкъуэкІэ лей кьызытехьа унагъуэм судым ириджащ. Іисраф хъуа пэш кІуэцІми абы щІэта унэльащІэхэми хеящІэм хуигъэзащ сом 520 000-рэ. Хьэлэмэтращи, унагъуэм апхуэдизэ ахъшэ хуигъэуватэжьым Іуэхущ1апІэм и лажьакІуэхэм. Арщхьэкіэ, комунальнэ хозяйствэм кьыхуагъэльагъуэ кьуаншагъэм арэзы щытемыхьуэм, судыщІэхэм бжьгъэр хагъэхъуащ.

Гъэпльыгъуэ лъэхъэнэм щыщІидзэм ирихьэлІэу апхуэдизу хэІущІыу хъуа кьэхъуэкьащІэр мыхьэнэшхуэ зиІэщ. Псори зэрыщыгъуазэщи, псы кьыдэжкэм я зэранкІэ пэш, унэльащІэ куэд а зэманым ирихьэлІэу Іисраф мэхъу. Бжьамий зэгуиудам кьижа псы кьэкъуалъэ фІейкІей кьызытехьахэр щІэхщІэныгъэ судым екІуалІэ хъуащ. Иужьрей ильэсхэм кьриубыдэу коммунальнэ хозяйствэкъм мылъкушхуэ япшынащ а Іуэху зэкІэлъымыкІуэхэм я зэранкІэ. Абыхэм ящыщщ Красноярск крайм и судым сом меларуан ныкъуэм щІигъу зи пэшри унэльащІэри псы пщтыр фІейм Іисраф зэгрищІа унагъуэм иратыжну зэригъэувари.

Псори кьыщІежьащ а адрей судым тхьэусыхакІуэ кІуа кьалэдэсым и дежщ. Абы дагъуэ хуиІэт унэр зи пщэ дэль хозяйствэм, псым ихьа и мылъкури япшынэу я ящигъэуващ.

Зэрагъэпль Іэмэпсымэхэр пэшым зэрыщІагъэувэрэ я мазэ бжьигъэ хъууэ арат икІи лэжьакІуэхэр езыгъэкІыжащ езы коммунальнэ хозяйствэм и лэжьакІуэхэр.

Псы къэкъуалІэ фІейм Іисраф ящІащ пэшым и кІуэцІыбжэхэр, пщэфІапІэм ильэ кафельр, лъэгу псоми идза ламинатыр. Апхуэдэу псывэм ихьащ сабийхэм я унэльащІэхэр, ноутбукыр. Псори зэхэту унагъуэм хэщІныгъэу игъэтащ сом 321 000-рэ и уасэ.

КъищынэмыщІауэ, радиаторыр экспертизэ щІынми ахъшэ текІуащ. Абы къызэригъэльэгъуамкІэ, радиаторым къэча зыбжанэ иІэщ, зыр сантиметр 32-рэ, адрейр сантиметр 36-рэ хьууэ. Іэмэпсымэр къызэгуэчыныр къызыхэкІар уэру системэм ирагъэхъуа псырщ.

Щытыкіэр мамыру зэхихьэкІыи зи мурада унаГъуэм коммунальнэ хозяйствэр кьІипэуващ икІи къэхъуькъащІм и Іэху хэмылъу игъэуващ. Ауэ абыхэм жаІэр судыщІэм и фІэщ мыхъуу, иджыри зы экспертизэ иригъэкІуэкІащ. Иужьым къызэригъэльэгъуамкІэ, радиаторыр зэпэщу, ГОСТ-м къигъэльагъэу мардэхэм тету щытащ икІи псы уэрыр мыхъуатамэ, езыр-езыру зэгуэныну Іэмал иІакъым.

Арати, судым унафэ ищІащ коммунальнэ хозяйствэм къыбгъэдэкІыу лей зытехьа унагъуэм иратыну: сом 321 000-рэхэщІыныгъэ игъэтам пэкІуэу, сом 16 000 экспертизэхэм текІуэдауэ, бэлыхь зэрыхихъатам пэкІуэу сом 10 000. Иджыри сом 4 000 тхьэусыхафэр зэрызэхагъэувамрэ къыдыуэ сом 175 500-рэ. Псори зэхэту сом 526 500-рэ. Ауэ ари кІэух бжьигъэтэкъым. ЩІыпІэ бюджетым коммунальнэ хозяйствэм хилъхьэн хуейр хъащ къэрал пошлинэу сом 6 600-рэ.

КОЗЛОВЭ Наталье.
«Российская газета»

Планэрэ зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Замирщ.